

RIWAYAT HIRUP



Ngaran lengkep **Susi Budiwati**. Dilahirkeun di Cimahi, 25 Mei 1971 ti pasangan Bapa Samsju Hidajat sareng Mamah I. Sukarti. Minangka anak cikal ti lima sadulur. Mimiti nyuprih pangarti di SDN Leuwigajah 2 Cimahi, basa naék ka kelas V, pindah ka SDN Utama 3 Cimahi, sarta tamat dina taun 1983.

Sabada lulus, nuluykeun ka SMP Negeri 2 Cimahi, lulus taun 1986. Tamat SMP, tuluy nuluykeun ka SPG Negeri Cimahi, tamat dina 1989. Dina taun harita kénéh, miluan SMPTN sarta ditarima di Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah tamat dina taun 1993.

Sabada réngsé kuliah, dina taun 1994 lulus testing CPNS sarta dibenun jadi guru di SMP Negeri Waringin Kurung Serang. Bubuara di Serang salila 4 taun, dina taun 1998 ngajukeun mutasi ka SMP Negeri 8 Cimahi, tug nepi ka kiwari.

Ti mimiti keur sakola kénéh, geus resep kana kagiatan organisasi. Ti SD geus aktif miluan organisasi kapramukaan jeung PMR. Sok komo di SPG mah, keur mah diwajibkeun milu pramuka, katambah-tambah resep kana organisasi, ku kituna, teu anéh lamun kungsi ulubiung jadi pangurus OSIS sekbid Kabudayaan periodeu 1990-1991. Pon kitu deui mangsa kuliah di jurusan Sunda, kungsi kalibet jadi pangurus Himpunan Mahasiswa Pendidikan Sastra Sunda (Hima Pensatrada).

Sanggeus jadi guru, karesep kana organisasi teu kungsi pareum. Ku kituna, sim kuring kalibet jadi pengurus sababaraha organisasi profési, diantara: Koordinator jenjang SMP Forum Ilmiah Tenaga Kependidikan, Pengurus PGRI Cabang Cimahi Selatan Sekbid Pemberdayaan Wanita, kungsi jadi bendahara Forum MGMP SMP Kota Cimahi, bendahara MGMP SMP Kota Cimahi,

pengurus Forum MGMP Basa Sunda Provinsi Jawa Barat, sarta ayeuna dipercaya jadi Pupuhu MGMP Basa Sunda SMP di Kota Cimahi.

Préstasi dina widang akademik, kungsi jadi Juara I dina Lomba Inovasi pembelajaran, anggota Tim Pengembang Kurikulum Mata Pelajaran Bahasa Sunda di Disdikpora Kota Cimahi, di Balai Pengembangan Pendidik dan Tenaga kependidikan Umum dan Kejuruan (BPPTKU) Disdik Provinsi Jawa Barat jeung di Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Provinsi Jawa Barat.

Sering jadi narasumber di sababaraha daérah pikeun méré matéri patali jeung kamekaran kurikulum sarta anu panganyarna ka percaya jadi Instruktur Nasional mata pelajaran Basa Sunda.